

Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SELEKSYON 19 AVOKA A PLEN TAN KI
ESPESYALIZE NAN ZAFÈ IMIGRASYON POU EDE IMIGRAN YO
ATRAVÈ ETA A**

***Chak Rejyon nan Eta ap Genyen Konseye Jiridik Devwe K Ap Travay an
Kolaborasyon avèk Biwo pou Sant Opòtinite Nouvo Ameriken yo
pou Bay Sèvis Gratis Pou Imigran yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a seleksyon 19 avoka ki espesyalize nan dwa imigrasyon pou yo sèvi kòm konseye atan plen pou yo ofri imigran ki bezwen asistans yo sèvis gratis nan tout rejyon eta a yo. Avoka sa yo pral travay an kolaborasyon avèk Biwo Gouvènè Cuomo pou Sant Opòtinite Nouvo Ameriken yo (Office for New Americans' Opportunity Centers) atravè eta a.

"Pandan ke administrasyon federal la ap eseye konstwi yon mi ak anile dwa imigran yo atravè peyi an, New York ap priyorize sipò epi pwoteksyon pou moun New York sa yo pou asire ke yo konnen dwa yo epi opsyon legal yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avoka sa yo ak òganizasyon paran yo pral yon resous diy konfyans pou imigran yo k ap chèche asistans atravè eta a."

"Mwen te wè ak de je mwen pandan mwen t ap patisipe nan plizyè seremoni natiralizasyon, fason Biwo pou Nouvo Ameriken an (Office for New Americans, ONA) ede moun simonte obstak yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Avoka a plen tan yo ki espesyalize nan zafè imigrasyon nan Sant Opòtinite yo atravè eta a pral asiste Ameriken pi resan nou yo avèk difikilte yo ke y ap fè fas a epi bay yo sèvis ke yo bezwen pou asire dwa ak pwoteksyon yo nan kominote nou yo. Pandan gouvènman federal bay timoun ak fanmi imigran yo do nou pral kontinye adopte kilti ak divèsite nou an ki fè de nou Empire State la."

"Biwo pou Nouvo Ameriken yo kontan anpil pou travay ak nouvo Konseye Jiridik sa yo epi ede pakèt fanmi atravè eta a", **Sekretè Eta a Rossana Rosado te deklare.** "Sou direksyon Gouvènè Cuomo, nou kreye yon modèl pou akeyi imigran nan Eta New York ke yo ta sipoze imite atravè peyi a."

Benefisyè yo pral bay Konseye Jiridik devwe nan chak rejyon nan eta a pou yo travay an kolaborasyon ak Sant Opòtinite ONA yo:

- Rejyon Kapital - Women's Bar Association Legal Project, Inc. (2 avoka)
- North Country - Frank H. Hiscock Legal Aid Society (2 avoka)
- Mohawk Valley - Frank H. Hiscock Legal Aid Society (2 avoka)
- New York Santral - Frank H. Hiscock Legal Aid Society (2 avoka)

- Southern Tier - Journey's End Refugee Services (2 avoka)
- Finger Lakes - Journey's End Refugee Services (2 avoka)
- Rejyon Lwès New York - Journey's End Refugee Services (2 avoka)
- Hudson Valley - Catholic Charities Community Services, Achidyosèz New York (2 avoka)
- Long Island - New York Legal Assistance Group (NYLAG) (1 avoka)
- Vil New York - New York Legal Assistance Group (NYLAG) (2 avoka)

Seleksyon yo te fèt atravè [Demann Asistans Teknik Legal pou Sipòte Founisè Sèvis Imigran, RFA](#) ONA atravè Eta aki te lanse an [Desanm](#).

Konseye Jiridik ONA yo pral deplase ale nan rejyon yo pou reponn a bezwen imigran nan kominote yo, epi sèvis yo pral disponib nan klinik legal yo nan òganizasyon ki baze nan kominote nan chak rejyon yo. Pral gen reprezantasyon dirèk disponib pou kliyan ki bezwen asistans, epi Konseye Jiridik ONA yo pral òganize seminè ak atelye jiridik tou. Benefisyè sibvansyon an yo pral ofri sèvis tradiksyon ak entèprèt pou kliyan nouvo Ameriken ki pa pale anglè yo.

Konseye Jiridik ONA yo pral ofri imigran ki nan pwosè ki gen rapò ak imigrasyon yo reprezantasyon dirèk, atravè yon modèl "reprezantasyon inivèsèl" ki sèvi nenpòt imigran ki bezwen reprezantasyon legal nan Eta New York.

Chak Konseye Jiridik ONA ki nan rejyon nò a yo pral ofri reprezantasyon pou yon kantite dosye k ap gen 15 a 20 kliyan nan yon moman done. Konseye Jiridik ONA ki nan Rejyon Sid la yo pral jere ant 12 a 20 ka, selon rejyon espesifik yo a. Sèvis jiridik sou dwa imigrasyon Konseye Jiridik ONA yo ofri yo pral gen ladan yo, men pa sèlman, ka ak sèvis ki annapre yo:

- Aksyon Repòte pou Timoun ki Vini depi yo te Tou Piti yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA)
- Azil
- Viza U
- Viza T
- Eitati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status)
- Eitati Espesyal pou Jèn Imigran yo (Special Immigrant Juvenile Status)
- Lwa sou Vyolans Kont Fanm lan (Violence Against Women Act)
- Pwosè Depòtasyon, pou sila ke yo aktyèlman arete oswa yo pa arete yo, ki gen ladan sila yo ki te resevwa òdonans depòtasyon yo deja
- Pèmi travay yo
- Odyans pou kosyon yo
- Komisyon Apèl Rekou pou Zafè Imigrasyon yo
- Pwosè federal
- Liberasyon Kondisyonèl Antisipe
- Regwoupman Familyal
- Imigrasyon ki baze sou relasyon familyal yo
- Dosye natiralizasyon konplèks yo
- Titèl familyal

Y ap ofri kliyan yo tout sèvis sa yo gratis.

Manm Asanble Maritza Davila, ki se Prezidan Gwoup Travay Pòtoriken/Ispanik la (Puerto Rican/Hispanic Task Force), te deklare, "Avoka sa yo konnen kominote yo epi yo se vwa konfyans pou yon pakèt moun New York. Mwen bat bravo pou Biwo Gouvènè Cuomo pou Nouvo Ameriken yo pou travay eksepsyonèl li fè atravè eta a epi swete byenvini a pwofesyonèl devwe sa yo a angajman nou kontinye pran pou ede imigran yo".

Senatè Luis Sepúlveda, Vis Prezidan Gwoup Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Ispanik, ak Azyatik la (Black, Puerto Rican, Hispanic and Asian Legislative Caucus), te di, "Biwo Gouvènè Cuomo pou Nouvo Ameriken yo te etabli rasin solid nan kominote yo atravè eta a, kote vwazen imigran nou yo konnen yo kapab jwenn bonjan èd san laperèz. Seleksyon founisè ekselan sa yo pou livre sèvis jiridik an kolaborasyon ak Sant Opòtinite ONA yo pwouve Eta New York devwe pou amelyore lavi tout abitan yo".

Manm Asanble Victor M. Pichardo, ki se Prezidan Gwoup Travay sou Nouvo Ameriken Asanble Eta a, te deklare, "Imigran nan peyi Etazini yo souvan manke resous jiridik ak konsèy apwopriye. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak Biwo pou Nouvo Ameriken yo paske li anboche disnèf (19) avoka sa yo, epi asire ke yo pral bay yon lis jeneral sèvis jiridik gratis atravè eta New York la. Mwen swete travay ak Gouvènè an epi Biwo pou Nouvo Ameriken yo pou plis eksplòre fason pou kontinye fè Eta New York yon refij ki sekirize pou imigran yo".

Lisa Frisch, Direktris Jeneral Women's Bar Association Legal Project, Inc., te di, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske li rekonèt nesosite pou bay sipò adisyonèl a imigran yo atravè eta a, epi nou pa ka tann pou nou travay avèk kominote patnè nou yo pou elaji resous sa yo pou abòde pwoblèm jiridik enpòtan yo epi kontinye fè New York yon kote ki akeyan pou moun sa yo k ap chèche viv an sekirite ak san danje nan peyi sa a".

Linda Gehron, Esq., Direktris Egzekitif, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Sosyete Èd Jiridik Frank H. Hiscock (Frank H. Hiscock Legal Aid Society), te di, "Nou kontan pou resevwa finansman Biwo Nouvo Ameriken Eta New York la, ki pral rann li posib pou Sosyete Èd Jiridik Hiscock lan sèvi plizyè santèn moun anplis nan rejyon Nò New York lan k ap fè fas a konsekans jiridik ijan yo, e yo bezwen swen nou. Avèk finansman 'Repons Rapid' sa a, moun k ap pase nan moman ki pi difisil nan lavi yo ap gen kounya asistans jiridik ekspè yo bezwen pou yo viv yon lavi an sekirite ak pwodikatif nan kominote nou an".

Karen M. Andolina Scott, Direktè Egzekitif Journey's End Refugee Services, Inc., te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak tout moun New York yo ki bay imigran yo ak kominote imigran yo valè epi nou rekonèt kontribisyon yo te fè nan gwo eta nou an, men tou bezwen jiridik imigrasyon yo ke kominote sa yo toujou ap fè fas a. Agrandisman Pwogram Konseye Jiridik ONA a pral pèmèt nou sèvi kominote imigran yo ki avan sa pa t gen aksè a sèvis asistans jiridik imigrasyon. Nou fyè kontinye travay enpòtan sa a avèk Biwo pou Nouvo Ameriken yo a".

Monsenyè Kevin Sullivan, Prezidan Konsèy Administrasyon Catholic Charities Community Services, Achidyosèz New York, te deklare, "Nan moman kote demann

sèvis asistans jiridik imigrasyon yo ap ogmante nan Hudson Valley, li enpòtan pou agrandi kapasite nan rejyon an. Catholic Charities Community Services, Achidyosèz New York la akeyi adisyon de (2) avoka nan Sant Opòtinite yo nan Hudson Valley epi pa ka tann pou travay ak Biwo Eta New York la pou Nouvo Ameriken yo pou asire ke yo gen aksè gratis, bon jan kalite sèvis jiridik imigrasyon yo".

Melissa Chua, Direktris Asosye Inite Pwoteksyon Imigran NYLAG la te di, "Imigran yo se vwazen nou, zanmi nou, ak fanmi nou. Nan New York Legal Assistance Group la, yo se kliyan nou tou. Kounya nan peyi Etazini, anje sistèm imigrasyon nou an pa ta kapab plis—aksè a swen sante, travay, edikasyon e menm dwa pou rete nan peyi Etazini ak fanmi ak kominote ensèten. Se poutèt sa avoka NYLAG yo nan premye liy yo, nan kominote lokal yo, kanpe kòtakòt ak imigran yo pandan y ap mennen yon batay jiridik difisil. Nou fè yo konnen yo pa pou kont yo, gen èd ki disponib, epi yon chimen sitwayènte posib. Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Andrew Cuomo ak Biwo pou Nouvo Ameriken yo paske yo bay finansman pou kontinye travay enpòtan sa a, ede imigran ki vle kontribye nan ekonomi nou an epi rejwenn fanmi New York la".

Enfòmasyon sou Biwo pou Nouvo Ameriken an ak Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project, LDP)

Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la, ke yo te fonde sa fè sis (6) an, se premye biwo sèvis imigran lalwa kreye nan nasyon an. ONA gen Sant Opòtinite toupatou atravè Eta a ki chita anndan òganizasyon kominotè yo k ap bay kominote nouvo Ameriken New York yo yon bann seri sèvis ak sipò, tankou sèvis jiridik. Sit sa yo se pwèn fokal pou kominote yo pou ka akeyi imigran yo nan ofri yo zouti nesèsè yo bezwen yo pou yo pwospere ak kontribye nan eta nou an.

An 2017, Gouvènè Cuomo te lanse Pwojè Defans Libète a - ki se tou premye pwojè konsa ki gen nan nasyon, ki sou direksyon eta men ki se yon patenarya piblik-prive, pou ede imigran yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo - pou yo ka jwenn aksè a sèvis legal yo. ONA ap jere pwojè a epi yo ap dirije li an patenarya ak kabinè jiridik yo, asosyasyon jiridik yo, òganizasyon defans yo, gran kolèj ak inivèsite yo ak asosyasyon bawo yo. LDP a ofri:

- Konsiltasyon legal ak depistaj pou imigran toupatou atravè Eta New York yo;
- Repezantasyon dirèk pou imigran ki nan pwosesis depòtasyon yo ansanm ak lòt ka ankò;
- Asistans pou lòt sèvis jiridik pou imigrasyon, patikilyèman nan ka konplèks yo; ak Fòmasyon Konnen Dwa w yo pou imigran yo ak kominote a an jeneral.
-

N ap ankouraje nenpòt imigran ki bezwen asistans legal gratis pou yo rele nan Liy Asistans pou Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636. Y ap kenbe tout enfòmasyon moun bay pandan apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)